

## **Adaptasyon ak Demann Konsiderasyon pou COVID-19**

**30 Jen, 2021**

Chè Kominote Kanpis,

Nan preparasyon pou reouvèti ansèyman an pèsòn ak aktivite yo pou otòn sa a, n ap pataje enfòmasyon sa konsènan adaptasyon ak demann pou konsiderasyon yo. Prezans pwofesè, pèsònèl ak etidyan yo -ak enteraksyon yo - sou kanpis la -- kontribiye anpil nan kominote ansèyman anrichisan nou an. Nou angaje nou pou n travay ak etidyan epi anplwaye yo ki, poutèt kondisyon medikal, ka pi vilnerab pou konplikasyon COVID-19. Nou pral travay pou founi resous nesèsè k ap priyorize sekirite ak byennèt.

Demann yo ka fèt nan de (2) kategori sa yo:

### **Adaptasyon pou COVID-19**

Etidyan, pwofesè ak anplwaye yo ka mande nouvo adaptasyon ki baze sou ADA ak chanjman nan adaptasyon ADA ki deja egziste yo akòz enpak COVID-19 la.

### **Demann Konsiderasyon pou COVID-19**

Etidyan, pwofesè, ak anplwaye ki nan youn oswa plis ke de gwoup ki kalifye anba yo ka mande yon konsiderasyon:

- Moun ki nan [gwoup pwoteje Centers for Disease Control and Prevention \(CDC\) yo](#) ki gen rekòmandasyon espesifik nan men founisè swen sante yo.
- Etidyan ki nan karantèn ak izolman (nan ak deyò kanpis la).

Pwosedi pou demann lan konsa:

### **Etidyan**

Etidyan ki deja anrejistre ak [Accessibility and Disability Service](#) (ADS) kapab travay dirèkteman ak [konseye ADS](#) yo genyen an pou mande chanjman nan adaptasyon aktyèl yo ki baze sou enpak COVID-19 lan. Nouvo demann adaptasyon etidyan yo an rapò ak COVID-19 lan pral evalye epi detèmine nan kad pwosedi enteraktif ant etidyan, konseye ADS lan, ak anseyan/sipèvizè kou an ak lòt biwo si sa nesèsè. Pou nouvo demann adaptasyon yo, kontakte [Accessibility and Disability Service](#)

Etidyan ki statisfè ak kritè pou konsiderasyon COVID-19 ki anwo yo ak rekòmandasyon espesifik nan men founisè sante yo, oswa etidyan ki nan izolman oswa karantèn pou COVID-19 (anndan oswa deyò kanpis la) kapap fè demann yo atravè [Sant Sante Inivèsite a](#). Yon lèt medsen k ap trete pasyan pou kondisyon espesifik sa ap obligatwa. Lèt sa ap gen pou mete ladan rezon medikal (yo) pou konsiderasyon COVID-19 lan, ak dire antisipe konsiderasyon sa.

### **Pwofesè ak Pèsònèl:**

Anplwaye yo dwe itilize [fòmilè demann Pwofesè/Anplwaye](#) Resous Imèn Inivèsite a (UHR) pou soumèt demann yo pou konsiderasyon ki gen rapò ak travay.

Pwofesè ak Pèsonèl yo dwe kontakte UHR Jesyon Absans ([umdleave@umd.edu](mailto:umdleave@umd.edu)) pou diskite elijibilite pou fè demann pou konsiderasyon ki gen rapò ak COVID-19.

Tout demann pou adaptasyon ak konsiderasyon pou COVID-19 pwofesè yo pral evalye epi detèmine pa UHR nan kad yon pwosesis entèaktif ak konfidansyèl. Si yon demann apwouve, UHR pral enplemanste plan pou pèsonèl yo, ak biwo pou Afè Fakilte an pral travay ak inite akademik yo pou enplemanste plan pou pwofesè yo.

**Nòt enpòtan:**

- Politik ak Pwosedi UMD etabli pou adaptasyon aksesibilite ak enkapasite ([VI-1.00D](#)) epi absans pou etidyan ([V-1.00G](#)) aplikab pou demann ki an rapò ak COVID-19 yo.
- UMD ka mande, men pap itilize oswa divilge, enfòmasyon medikal yo pou okenn lòt objektif sofsi divilgasyon sa otorize pa moun lan, oswa divilgasyon sa egzije pa lalwa.

Sensèman,

**Ann G. Wylie**

*Vis Prezidan Prensipal ak Dwayen Enterimè*

She/Her/Hers

**Patty Perillo**

*Vis Prezidan pou Afè Etidyan*

She/Her/Hers